


Kisa Swen Palyatif la ye?



AMELYORE KALITE LAVI OU

FULL-COLOR
LOGO HERE &
CHOOSE BORDER
SPOT COLOR

S A M P L E

© 2013 piblikasyon Quality of Life Publishing Co.

Tout dwa rezève. Ou pa ka repwodui okenn pati nan ti liv sa san w pa jwenn otorizasyon alavans nan men editè a. Enprime Etazini.



Se Quality of Life Publishing Co. Ki Pibliye I.
Naples, Florida

Quality of Life Publishing Co. se yon antrepriz endepandan, ki baze sou misyon I, li espesyalize nan piblikasyon kontni ki gen mak ki ede fasilite lavi moun ki gen maladi grav ak lavi fanmi yo. **Vizite www.QOLpublishing.com.**

KÒMAN POU W KÒMANDE KOPI KI GEN MAK YO: Rele Quality of Life Publishing Co. pandan orè regilye li (Lè Lès), apèl la gratis sou nimewo sa 1-877-513-0099 oswa voye yon imel sou info@QOLpublishing.com.

Entwodiksyon

Lè ou menm oswa yon pwòch ou malad grav, sa boulvèse tout aspè nan lavi ou. Ou ka santi w enpuisan oswa ou ka santi ou poukont ou. Li ka difisil pou ou jwi lavi w. Ki kote ki ka ede w? Swen palyatif ka ede w.

Swen Palyatif (*pal-ee-uh-tiv* an anglè) **se swen ki mete aksan sou konfò ak konpasyon.** Se swen ki satisfè bezwen espesyal chak moun. “Palye” (to palliate) vle di soulaje an anglè. Swen palyatif ede soulaje sentòm maladi yo.

Lè w konprann swen palyatif yo, ou ka pran pi bon desizyon konsènan swen w ap chwazi yo. Li ka montre w kòman pou w jere doule ak lòt sentòm yo. Nou espere ti liv sa ap ede w konprann plis konsènan kalite swen sa yo. Lè doule a sou kontwòl, ou ka konsantre ou ankò sou sa ki pi enpòtan pou ou yo.

Se pou lespwa ak rekonfò antoure w pa sèlman pou jodi a men pou chak jou.

Ekip Swen Palyatif la

Swen palyatif la trete moun lan *nan tout aspè* nan lavi l — li trete l sou plan fizik, sosyal, espiyiteyèl ak emosyonèl. Ekip swen an pa sèlman jere doulè. Li montre pasyan yo kòman pou yo pi byen fè fas ak maladi a. Ekip la ofri konsèy ak soutyen pou fanmi yo tou.

Se yon gwoup ekspè prensipal ki bay swen palyatif yo. Pifò ekip yo gen terape, famasyon, nitrisyonis ak lòt espesyalis si sa nesèsè. Manm ekip yo se:

- Pasyan yo ak Fanmi yo. Piyorite ekip swen an se pasyan yo ak fanmi yo. Plan swen yo baze sou bezwen ak volonte pasyan yo. Ekip swen an tou pale regilyèman ak pasyan yo epi ak fanmi yo. Sa se pou asire swen y ap bay yo koresponn ak objektif ki te fikse yo.
- Doktè ak NP yo (enfimyè pratikan yo). Klinisyen sa yo resevwa fòmasyon nan swen konfò. Yo travay ak pasyan yo epi ak doktè pasyan yo yon fason pou gide plan swen an.
- Enfimyè yo. Enfimyè swen palyatif yo resevwa fòmasyon nan swen konfò tou. Yo travay kole sere ak pasyan an epi ak fanmi an. Yo gade siy vital yo epi yo jere medikaman yo.
- Travayè Sosyal yo. Travayè sosyal yo gide pasyan yo nan demach pratik yo. Yo ede w ranpli fòmilè ki ka parèt difisil pou w ranpli yo. Ka se fòmilè asirans yo oswa lòt fòmilè legal. Yo fè aranjman pou w jwenn soutyen emosyonèl oswa lòt soutyen lè sa nesèsè.
- Responsab relijye yo. Responsab relijye yo bay soutyen emosyonèl nan moman difisil yo. Soutyen an ap chita sou kwayans pasyan an. Responsab relijye yo ap la pou tande w san yo p ap jije w. Yo ka gen konvèsasyon ki enpòtan avè w sou espwa ak kwasans espiyiteyèl.

Kòman Swen Palyatif yo Fonksyone

W ap jwenn yon apèsi pwosesis la anba a. Sitiyasyon pa w la ka diferan. **Gen yon espas nan do ti liv sa pou w pran nòt ak pou w ekri kesyon. Kenbe ti liv sa tou pre w lè w ap kontakte nou.**

1. Referans. Ou menm oswa yon pwòch ou ap souffri ak yon maladi ki grav. Ou pa ka jere sentòm yo poukont ou ankò. **Ou menm, doktè ou a oswa yon pwòch ou ka sigjere swen palyatif yo.** Tant referans lan fèt pi bonè, se tant sèvis yo ap ede plis.

Gen kèk moun ki konfonn swen palyatif ak swen ospis. Yo panse swen palyatif yo se sèlman pou pasyan ki pral mouri. Sa ka fè kèk moun pè mande sèvis sa yo.

Swen palyatif pa swen ospis. Yo tou de gen menm kalite soulajman doulè ak sèvis swen konfò. Yo tou de ap itilize yon ekip ekspè. **Men, yo ka bay swen palyatif nan nenpòt etad maladi a ye.** Swen ospis se pou pasyan ki gen sèlman sis mwa oswa mwens pou yo viv.

2. Elijibilite. **Swen palyatif se pou nenpòt moun ki malad grav. Nenpòt laj ou genyen ou ka resevwa swen sa yo, nan nenpòt etad maladi a ye ou ka resevwa swen sa yo tou. Ou ka pran swen sa yo nan menm moman w ap pran yon tretman ki pou geri w.** Mande doktè w la oswa ekip swen w lan si kalite swen sa yo ap bon pou ou menm oswa pou pwòch ou a.

3. Pèman. **Gen kèk plan asirans ki kouvri tout oswa yon pati nan swen palyatif yo. Medicare ak Medicaid ka kouvri depans yo tou.** Se menmjan pou lòt sèvis lopital yo ak swen sante yo. Pale ak ekip swen an si w gen enkyetid konsènan depans yo. Yon travayè sosyal oswa yon manm pèsonèl nan kontabilite a ka ede w ak opsyon pèman yo.

4. Plan Swen an. Pwochen etap la se pou nou fè yon plan swen. Ekip swen an ap fikse yon reyinyon pou decide kisa pasyan an bezwen. **Y ap chwazi swen yo selon kwayans pasyan an. Plan swen an ap chanje selon bezwen pasyan an.**

Plan swen an la pou diminye siy fizik maladi a. Doulè, lestomak fè mal, tèt vire, pa gen apeti oswa fatig yo diminye pandan w ap pran medikaman yo oswa pandan w ap fè terapi a. Plan swen an ap ede soulaje estrès konsènan enkyetid sou plan emosyonèl oswa sou plan sosyal tou. Lè n ap elabore plan an, ekip swen an ap ede w:

- **Konnen anpil bagay sou maladi ou a.** Li bon pou w konprann tout opsyon ou yo. Mande ekip swen an si w gen nenpòt kesyon sou maladi a oswa tretman yo.
- **Reflechi sou kisa "kalite lavi" vle di pou ou.** Kisa ou renmen fè? Kisa ki gen plis valè pou ou?
- **Reflechi sou kwayans ou yo.** Èske ou gen kwayans kiltirèl oswa espirityèl ki ka afekte desizyon swen ou yo?
- **Reflechi sou ki kalite swen ou vle.** Èske geri maladi a se objektif prensipal ou? Oswa èske se konfò ki objektif prensipal la? Ki swen ki pou geri ou vle? Èske ou vle swen ijans (tankou CPR oswa tib alimantasyon)?

5. Bay Swen. **Pifò ekip swen palyatif yo ap travay nan lopital oswa nan sistèm swen sante yo.** Gen kèk ki se pwogram otònòm ki gen patenarya ak yon ospis. Gen lòt ki bay swen nan yon klinik oswa nan yon biwo doktè. Gen kèk fwa, ekip swen an ka ale kote pasyan an ap viv la.

Ekip swen an ap kòmande medikaman yo ak terapi yo. Apresa, ekip la ap fòme pasyan yo ak moun k ap bay swen yo. Y ap ba w enstriksyon sou kòman ou ta dwe pran medikaman yo. Y ap montre pasyan yo tou lòt fason pou yo kontwole sentòm yo. Pa egzanp, ekip swen an ka sigjere w fè egzèsis ki senp oswa pou w fè yon chanjman nan rejim alimantè ou.

6. Fè Plan an Fonksyone. Ekip la ap fè suivi pou asire li plan swen an ap fonksyone. Y ap fè chanjman epi y ap bay lòt soutyen si sa nesèsè.

Yo bay swen palyatif yo selon bezwen yo. Gen kèk pasyan ki ka vin santi yo byen epi yo kanpe swen yo apre youn oubyen de vizit. Gen kèk pasyan ki bezwen swen pou yon peryòd tan ki long. Gen konsiltasyon regilye ki fikse pou pasyan k ap toujou bezwen swen yo. Yo toujou ap diskite sou chanjman ki fèt nan plan swen an ak pasyan epi ak fanmi an.

**Si w ap souffri ak yon maladi grav,
kontakte nou pou w jwenn soutyen. Nou la pou ou.**




Kesyon ak Nòt:

FOUNI PA


FULL-COLOR
LOGO HERE &
CHOOSE BORDER
SPOT COLOR

 (000) 000-0000

 (000) 000-0000

 info@domain.com

 www.website.com

 Street Address, City, State, Zip